

THE CAREER CRUISER
Yon Gid pou Planifye Karyè ak Edikasyon
2012

Eksploratè Karyè

Yon Gid pou Planifye Karyè ak Edikasyon

Sa ki nan Liv la

EVALYE

Dekouvri Karyè Ou, Prepare Li Kounye a!.....	2
Ki Pasyon Ou?	3
Analize Gwoup Karyè Ou yo	6
Dekouvri “U” Nan <i>Values</i> (Valè)!	7
Pèsonalite Ou ap Balanse!	8
Ladrès pou Espas Travay . . . Jwenn Yo! Kenbe Yo!.....	11
Djòb Enteresan nan Syans ak Byoteknik	13
Jenerasyon Ekolojik!.....	14
Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik – Pòt ki Louvri pou Fiti Ou!.....	16
Gwoup Karyè yo	17
Konsidere Posibilite A-Maze-ing (Enteresan) yo	21
Preparasyon Bidjè se Bagay ki Pi Fasil.....	22
Kisa Etidyan Yo Bezwen Konnen Sou Èd Finansye?	23
Pou Fè yo Aksepte ou . . . Konpetisyon an Di Anpil!.....	24
Fikse Objektif Ou.....	25
Pa Baze Fiti Ou Sou Chans!	26

Ou ka wè CAREER CRUISER ak TEACHER’S GUIDE sou Entènèt nan sitwèb:

<http://www.fldoe.org/workforce/publicat.asp>.

Kle pou Sikse

Aparans – premye enpresyon yo dire lontan

Atitid – yon konpòtman ou aprann genyen, fè li pozitif

Jantiyès – montre ou se yon bon moun, fè ti ri ak moun san kondisyon

Enpresyon – sa ki rete nan sal la apre mwen ale

Ladrès pou bay Repons – fè aksyon, depase atant kliyan an

Angajman – pwomès mwen pou bay sèvis ak travay an ekip

Refleksyon an Ekip – aksyon mwen yo afekte tout moun ki nan òganizasyon mwen

Kominikasyon – koute kliyan yo yon fason aktif epi bay repons ki pozitif

Sèvis – angajman pèsonèl mwen pou fè yon diferans

Ekselans Pèsonèl – Mwen kwè nan konpetans mwen pou fè yon diferans

Dekouvri Karyè Ou, Prepare Li Kounye a!

Lavi se yon vwayaj ki gen anpil move sipriz ladan. Alòske vwayaj la kapab enteresan, se yon bon lide pou konnen ki kote ou prale pou ou kapab deside kijan pou rive kote ou prale a. Se sa devlopman pwofesyonèl vle di. Jwenn konesans ak ladrès ou bezwen pou pran pi bon desizyon sou karyè. Kounye a, se yon bon moman pou vin gen ladrès k ap ede ou kontwòle karyè ou pandan tout lavi ou. Etap ki anba la yo kapab mete ou sou wout pou fè anpil chwa nan lavi ou:

1. Kimoun ou ye?
 - A. Aprann konnen enterè ou yo, sa ou renmen ak sa ou pa renmen.
 - B. Etidye pèsonalite ou ak fason li adapte nan diferan anviwònman travay.
 - C. Valè ou yo kapab ede detèmine kote ou travay ak fason ou vle travay.
 - D. Pa bliye ladrès yo; sa ou vin genyen pandan tan ou pase nan lekòl, ak sa ou kontinye genyen apre ou fini nan lekòl segondè.

2. Ki kote ou prale?
 - A. Aprann ekonomi, mache travay la, ak enpak teknoloji sou djòb yo.
 - B. Analize metye yo ak fason yo konekte avèk enterè ak konpetans ou.
 - C. Aprann posiblite pou edikasyon ak fòmasyon apre ou fini nan lekòl segondè, ak fason ou kapab itilize èd lajan pou edikasyon/fòmasyon ou.

3. Kijan w ap rive la?
 - A. Idantifye karyè yo ak domèn nan gwoup karyè ou jwenn ki pi enteresan.
 - B. Fikse objektif akoutèm ak objektif alontèm.
 - C. Chwazi kou ki obligatwa ak kou ki ochwa nan lekòl segondè.

Career Cruiser ak Florida CHOICES Planner (www.flchoices.org) kapab fè ou kòmanse aprann sou tèt ou, analize karyè, epi fè plan pou pidevan.

Ki Pasyon Ou?

Èske ou dekouvri sa ou ki ba ou pasyon ak fason li ta ka afekte chwa ou fè pou yon karyè? Aktivite sa a ap ede ou reflechi sou responsablite ki asosye avèk travay ak kote enterè ou yo ye jodi a. Pandan w ap fè eksperyans lavi a ak posiblite plas travay yo ofri nan lekòl ou, enterè ou yo ka grandi ak chanje. Anba la a se yon lis egzanp responsablite nan travay: Gade chak responsablite epi mande tèt ou:

- Èske sa enterese mwen?
- Èske se yon bagay mwen ta renmen fè chak jou?
- Èske mwen vle aprann plis bagay sou metye ki fè kalite travay sa a?

Pandan w ap analize gwoup karyè yo, aktivite tankou sa a ap ede ou diminye chwa ou yo pou ou pa itilize tan pou egzamine metye ki pa adapte pou enterè ou yo.

Pou jwenn enterè prensipal ou yo, itilize echèl sa a pou make chak seri aktivite.

5 = renmen anpil 4 = renmen 3 = pa sèten 2 = pa renmen 1 = pa renmen ditou

Kisa ou ta renmen fè?

1. Chèche nouvo fason pou pwodui manje	5	4	3	2	1
Pran swen bèt	5	4	3	2	1
Prepare pyèj pou kenbe krab, woma, oswa fwidmè	5	4	3	2	1
Jere yon bitasyon agrikòl	5	4	3	2	1
Fè antretyen nan zòn ki plante avèk pyebwa, flè oswa ti pyebwa	5	4	3	2	1
TOTAL	_____				
2. Fè plan kay, bati kay, oswa fè chanjman nan kay	5	4	3	2	1
Fè etid topografik wout, liy pwopriyete, ak pon	5	4	3	2	1
Bati wout oswa pon	5	4	3	2	1
Enstale fil elektrik nan yon bilding	5	4	3	2	1
Enstale plonbri ak tiyo/ekipman nan twalèt	5	4	3	2	1
TOTAL	_____				
3. Ekri istwa oswa pyès teyat	5	4	3	2	1
Fè emisyon nan televizyon oswa nan radyo	5	4	3	2	1
Fè plan yon sitwèb	5	4	3	2	1
Jwe nan yon gwoup, òkès, oswa gwoup mizik	5	4	3	2	1
Opere ekipman yo itilize nan radyo ak televizyon	5	4	3	2	1
TOTAL	_____				
4. Tape oswa ekri rapò	5	4	3	2	1
Prepare dosye taks pou moun oswa pou konpayi	5	4	3	2	1
Jere yon magazen	5	4	3	2	1
Travay avèk òdinatè	5	4	3	2	1
Reponn telefòn epi salye kliyan	5	4	3	2	1
TOTAL	_____				

5.	Montre elèv li	5	4	3	2	1
	Pran swen jèn timoun	5	4	3	2	1
	Fè rechèch done egzamen	5	4	3	2	1
	Anseye yon klas yoga	5	4	3	2	1
	Antrene yon ekip	5	4	3	2	1
	TOTAL	<hr/>				
6.	Kontwole lajan	5	4	3	2	1
	Vann asirans ba moun	5	4	3	2	1
	Jere yon depatman labank	5	4	3	2	1
	Prepare dosye finansye pou moun oswa pou konpayi	5	4	3	2	1
	Ede moun investi lajan yo	5	4	3	2	1
	TOTAL	<hr/>				
7.	Planifye yon espas pou planch-a-woulèt	5	4	3	2	1
	Dirije yon ajans sèvis sosyal	5	4	3	2	1
	Patisipe nan aktivite ranmasaj lajan	5	4	3	2	1
	Kreye règleman pou pwoteje anviwònman an	5	4	3	2	1
	Devlope pwojè-lwa ki pou vin lwa	5	4	3	2	1
	TOTAL	<hr/>				
8.	Egzamine moun epi bay yo tretman medikal	5	4	3	2	1
	Bay premye sekou pou malad nan yon anbilans	5	4	3	2	1
	Ede yon moun ki pran chòk aprann mache ankò	5	4	3	2	1
	Travay sou dosye medikal ak korespondans	5	4	3	2	1
	Entèprete yon radyografi	5	4	3	2	1
	TOTAL	<hr/>				
9.	Akonpaye gwoup moun nan vizit	5	4	3	2	1
	Sèvi manje ak bwason pou moun	5	4	3	2	1
	Sèvi kòm abit nan yon evènman espòtif	5	4	3	2	1
	Planifye epi fè aktivite ak vwayaj pou touris	5	4	3	2	1
	Jere yon otèl	5	4	3	2	1
	TOTAL	<hr/>				
10.	Bay moun konsèy nan lopital, klinik, oswa lekòl	5	4	3	2	1
	Ede jèn moun, gason ak fanm ki ansanm, ak fanmi rezoud konfli	5	4	3	2	1
	Bay moun konsèy sou bezwen nitrisyon yo	5	4	3	2	1
	Òganize klas pou paran sou edikasyon timoun	5	4	3	2	1
	Planifye aktivite pou sant kominotè yo	5	4	3	2	1
	TOTAL	<hr/>				
11.	Swiv plan pou enspekte ekipman elektwonik	5	4	3	2	1
	Itilize aplikasyon enfòmatrik pou kreye rapò	5	4	3	2	1
	Repare òdinatè	5	4	3	2	1
	Konsevwa pwogram pou òdinatè	5	4	3	2	1
	Ekri enstriksyon teknik pou enjenyè	5	4	3	2	1
	TOTAL	<hr/>				

12. Pwoteje lavi ak byen kont danje	5	4	3	2	1
Jwenn detay yon krim, epi arete moun ki sispèk yo	5	4	3	2	1
Etidye dokiman legal pou jwenn enfòmasyon	5	4	3	2	1
Siveye lajan oswa objè-valè nan yon machin blende	5	4	3	2	1
Defann yon moun nan tribinal, epi bay moun nan konsèy sou lalwa	5	4	3	2	1

TOTAL

13. Itilize ti zouti elektrik oswa gwo zouti elektrik pou bati oswa repare atik	5	4	3	2	1
Itilize aparèy ki gen presizyon pou fè pyès	5	4	3	2	1
Itilize machin pou fòme, koupe, oswa modle metal, twal, oswa bwa	5	4	3	2	1
Enstale ekipman elektrik	5	4	3	2	1
Bati wobo	5	4	3	2	1

TOTAL

14. Achte rad ak akseswa pou yon gran magazen	5	4	3	2	1
Vann espas piblisite pou yon magazin	5	4	3	2	1
Bay tretman bote pou cheve, figi, oswa zong	5	4	3	2	1
Fè biznis pa ou sou Entènèt	5	4	3	2	1
Vann kay oswa teren	5	4	3	2	1

TOTAL

15. Fè eksperyans nan yon laboratwa	5	4	3	2	1
Itilize matematik avanse pou rezoud pwoblèm konplèks	5	4	3	2	1
Etidye kòz maladi bèt	5	4	3	2	1
Etidye espas ak sistèm solè	5	4	3	2	1
Jwenn lòt kalite sous enèji	5	4	3	2	1

TOTAL

16. Kondi yon kamyon pou fè livrezon pwodui	5	4	3	2	1
Pilote yon bato oswa avyon	5	4	3	2	1
Kondi yon otobis oswa taksi	5	4	3	2	1
Opere yon tren	5	4	3	2	1
Jere yon depo distribisyon	5	4	3	2	1

TOTAL

17. Monte kote ki wo anpil pou repare liy elektrik	5	4	3	2	1
Enstale, antreteni ak repare sistèm pandan w ap travay deyò	5	4	3	2	1
Detèmine kòz blakawout ak prekosyon pou pa gen blakawout	5	4	3	2	1
Opere ak kontwole machin ki bay enèji	5	4	3	2	1
Fè plan epi sipèvize konstwiksyon yon izin elektrik	5	4	3	2	1

TOTAL

Kounye a totalize nòt ou nan chak seri kesyon. Answit, jwe jwèt matematik la nan pwochen paj la, epi jwenn gwoup karyè ki menm avèk senbòl ki sou lis tout sa pou fè kote ou te fè pi gwo nòt la!

Analize Gwoup Karyè Ou yo

Karyè ki gen yon bagay an komen yo gwoupe ansanm. Yo ka gen menm responsablite nan travay, ladrès, ak endistri.

1. Agrikilti, Manje ak Resous Natirèl – Tretman, pwodiksyon, distribisyon, finansman, ak devlopman pwodui agrikòl ak resous natirèl.
2. Achitekti ak Konstwiksyon – Fè plan, kontwole, konstwi, ak antreteni anviwònman ki bati a.
3. Boza, Teknoloji ak Kominikasyon A/V – Kreye, ekspoze, jwe ak pibliye kontni milti-medya
4. Biznis, Jesyon ak Administrasyon – Òganize, dirije, ak evalye fonksyon ki enpòtan pou operasyon biznis pwodiksyon.
5. Edikasyon ak Fòmasyon – Bay sèvis edikasyon, fòmasyon, ak sèvis sipò aprantisaj asosye.
6. Finans – Planifye finans ak investisman; kontwole operasyon labank, asirans, ak finans biznis.
7. Gouvènman ak Administrasyon Piblik – Egzekite fonksyon gouvènman nan nivo lokal, nivo leta, ak nivo federal.
8. Syans Sante – Bay sèvis dyagnostik ak sèvis terapetik, enfòmasyon sou sante, sèvis sipò, epi rechèch ak devlopman nan byo-teknoloji.
9. Ebèjman ak Touris – Jere restoran ak lòt sèvis manje, lojman, atraksyon, evènman lwazi, ak sèvis ki asosye avèk vwayaj.
10. Sèvis pou Moun – Ofri sèvis sa yo pou fanmi, epi satisfè bezwen moun.
11. Teknoloji Enfòmasyon – Konsevwa, sipòte, ak kontwole materyèl enfòmatis, lojisyèl, milti-medya, ak entegrasyon sistèm.
12. Dwa, Sekirite Piblik, Koreksyon ak Sekirite – Ofri sèvis legal, sekirite piblik, sèvis pwoteksyon, ak sèvis sekirite teritwa.
13. Manifakti – Tretman materyèl an pwodui entèmedyè oswa an pwodui fini.
14. Maketing, Lavant ak Sèvis – Fè aktivite maketing pou reyalize objektif òganizasyonèl.
15. Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik – Fè rechèch syantifik ak sèvis teknik pwofesyonèl.
16. Transpò, Distribisyon ak Lojistik – Kontwole mouvman moun, materyèl, ak machandiz nan wout, nan oleyodik, anlè, sou chemennfè, ak sou dlo.
17. Enèji – Planifye, kontwole, epi bay sipò ak sèvis teknik ki asosye avèk pwodiksyon, transmisyon, ak distribisyon plizyè kalite enèji ansanm avèk konsepsyon teknik, konstwiksyon, antretyen, ak reparasyon sistèm sa yo.

Fè total nòt ou nan kaz 1-17 ki nan paj 3 rive nan paj 5, epi amonize yo nan Gwoup Karyè yo.

Fè lis twa (3) karyè prensipal ou.

- 1.
- 2.
- 3.

Dekouvri “U” Nan *Values* (Valè)!

Aktivite sa a ap ede ou idantifye patikilarite oswa valè pèsònèl ou. Vwayaj ou nan lavi a ap ofri ou plizyè kalite eksperyans, menm jan ou chanje ak grandi, valè ou yo ka fè sa tou. Lis ki anba la a gen ladan plizyè kalite satisfaksyon moun jwenn nan aktivite yo fè. Avèk echèl ki endike anba la a, klase kijan eksperyans sa yo enpòtan pou ou.

1 = Pa Enpòtan Ditou

2 = Enpòtan enpe

3 = Trè enpòtan

Ede Sosyete a: Fè bagay ki ede amelyore monn nou an.	1	2	3
Ede Lòt Moun: Patisipe nan ede lòt moun nan yon fason dirèk.	1	2	3
Konpetisyon: Angaje nan aktivite ki mete konpetans mwen nan menm nivo ak lòt moun.	1	2	3
Kreyativite: Kreye lide tounèf, pwogram, oswa estrikti òganizasyonèl.	1	2	3
Kreyativite Atistik: Angaje nan aktivite kreyatif tankou penti, literati, oswa jwe pyès teyat.	1	2	3
Konesans: Angaje nan aprann ak konprann bagay tounèf.	1	2	3
Gen Pouwa ak Otorite: Kontwole oswa aji sou pwendvi ak aktivite lòt moun.	1	2	3
Kontak avèk Piblik la: Fè anpil kontak avèk lòt moun chak jou.	1	2	3
Travay Poukont Ou: Fè pwojè poukont ou san ou pa pran anpil kontak avèk lòt moun.	1	2	3
Relijye: Patisipe nan aktivite pou pi byen asosye avèk diven, mistik, oswa espiritiyèl.	1	2	3
Rekonesans: Jwenn rekonesans pou bagay mwen fè nan yon fason piblik.	1	2	3
Pwoblèm Fizik: Fè aktivite k ap mande fòs, vitès, oswa rapidite.	1	2	3
Eksitasyon: Fè travay ki ba ou ankourajman ak pasyon.	1	2	3
Sityasyon Entèlektyèl: Yon konsidere ou kòm yon entèlektyèl oswa yon espè.	1	2	3
Chanjman ak Varyete: Pran responsablite ki chanje souvan.	1	2	3
Estabilite: Gen estrikti ak woutin nan aktivite mwen yo.	1	2	3
Pwofi-Gen: Fè anpil lajan.	1	2	3
Amizman: Jwenn plezi nan sa w ap fè a.	1	2	3
Travay avèk Lòt Moun: Travay kòm yon ekip pou reyalize objektif komen.	1	2	3
Avanti: Patisipe nan aktivite ki fè ou pran risk.	1	2	3
Endepandans: Mwen se bòs tèt mwen.	1	2	3
Teknoloji: Travay byen avèk machin ak zouti.	1	2	3

Kounye a analize lis ou fè a. Nan karyè ou make kòm 3 (trè enpòtan), chwazi senk (5) ki pi enpòtan pou ou. Fè lis senk (5) valè prensipal ou yo:

- 1.
- 2.
- 3.
- 4.
- 5.

Pèsonalite Ou ap Balanse!

Kisa ou konnen sou kalite pèsonalite yo? Reflechi sou li nan fason sa a . . . nou tout vini sou diferan fòm ak gwosè; nou tout gen pwèn fò ak pwèn fèb, pa vrè? Bagay ki enpòtan pou ou ka pa gen menm enpòtans pou lòt moun yo. Menmsi nou gen diferans sa yo, si nou aprann devlope ak amelyore relasyon yo lakay nou, nan lekòl, ak nan espas travay, sa ta ka yon gwo lide!

Si ou jwenn endis pou pwòp pèsonalite ou sa ka ede ou kounye a travay pi byen nan ekip oswa nan aktivite an gwoup, nan zanmitay, epitou sa ka ede ou chwazi kou pou posiblite travay ou pidevan. Epi annapre, sa ta ka vini nan men ou lè w ap travay avèk tout kalite moun diferan.

Ti tès ki anba la a ap ba ou yon apèsi sou kalite pèsonalite ou. Pou fè sa, analize responsablite ak anviwònman travay komen. Pandan w ap konpare de (2) gwoup moun anba chak kesyon, w ap petèt remake kèk deklarasyon sou chak bò dekri ou. Pa gen pwoblèm! Annik pran yon desizyon epi koche kaz ki akote kesyon agòch la OSWA adwat la ki PI BYEN dekri ou PI souvan.

Kijan enèji ou koule?

Ekstravèti (E)

Gen anpil enèji
Renmen rete bò kote moun
Aji kounye a, reflechi apre
Renmen fè anpil bagay anmenmtan
Pale pi plis pase koute

Entravèti (I)

Gen enèji trankil
Renmen rete poukont ou
Reflechi anvan, epi aji
Renmen konsantre sou yon sèl bagay alafwa
Koute plis pase pale

Chak moun gen de (2) figi. Ekstravèti a konsantre sou monn eksteryè a kote w ap chèche kominike avèk moun tankou diskisyon, brase-lide, egzèsis an gwoup, pwojè, ak prezantasyon. Lòt la, Entravèti a, konsantre sou monn enteryè panse, enterè, lide, ak imajinasyon. Entwovèti yo pito etidye poukont yo, epi yo pito fè aktivite endepandan. Anjeneral, youn nan kalite yo jwe wòl dominan an.

Kilè ki pi byen adapte pou ou? Ekstravèti (E) oswa Entwovèti (I)

Ki kalite enfòmasyon ou remake ak sonje?

Detektè (S)

Renmen enfòmasyon pozitif
Renmen eksplikasyon etap-pa-etap
Pito depann de reyalite
Depannde eksperyans pase
Renmen done ki aklè epi ki gen presizyon

Moun ki gen entwisyon (N)

Renmen lide kreyatif
Renmen chèche konnen bagay yo
Reflechi sou posiblite yo
Kwè nan aptitud ou.
Renmen konsèp abstrè.

Detektè yo renmen gen eksplikasyon aklè pou afektasyon ak tès. Orè, detay, ak done bon anpil pou kalite sa a. Yon lòt kote, Moun ki gen entwisyon yo renmen panse gwo, vini avèk teyori, epi fè deba sou sa ki pou ak sa ki kont nan yon konsèp. Yo renmen fè eksperyans pratik, epitou yo renmen kreye òganigram pou montre lòt moun yo konsèp yo.

Kilè ki pi byen adapte pou ou? Detektè (S) oswa Moun ki gen Entwisyon (N)

Kijan ou pran desizyon yo?

Pansè (T)

Baze desizyon yo sou reyalite
Chèche solisyon lojik
Pito onètete ak franchiz
Pran desizyon avèk tèt ou
Renmen fè deba sou pwoblèm yo

Tatè (F)

Baze desizyon yo sou santiman ou
Konsidere fason moun yo santi yo
Pito koutwazi ak delikatès
Pran desizyon avèk kè ou
Evite diskisyon ak konfli

Pansè yo renmen reyalite ak chif. Lè y ap pran desizyon, yo analize lojik ak konsistans anvan. Yo bon anpil nan korije ak kritike travay lòt moun. Tatè yo analize moun ak sikonstans espesyal anvan yo pran desizyon. Yo renmen wè valè nan yon bagay, epi yo travay byen lè yo mete yo nan pwojè an gwoup kote devlopman amoni se yon obligasyon!

Kilè ki pi byen adapte pou ou? Pansè (T) oswa Tatè (F)

Kijan ou asosye avèk lekòl ou ak monn eksteryè a?

Jij (J)

Renmen fè “fè” lis
Gen yon plan pou chak jou
Etidye anvan, epi jwe apre
Fini pwojè ou kòmanse yo
Rive nan klas alè

Obsèvatè (P)

Renmen rete dekontrakte ak dosil
Pran chak jou jan li vini an
Jwe anvan, etidye apre
Kòmanse pwojè, epi pa fini yo
Renmen alamòd anreta

Jij yo renmen metòd aprantisaj ki trè estriktire ak òganize. Yo vle wè egzakteman sa yo espere aprann nan, dat limit yo, ak fason y ap resewa nòt. Obsèvatè yo pito yon anviwònman aprantisaj lib ak san estrikti. Yo renmen jwenn enfòmasyon ak posiblite tounèf san orè.

Kilè ki pi byen adapte pou ou? Jij (J) oswa Obsèvatè (P)

Sa a se yon aktivite amizan ki baze sou kalite kesyon Myers-Briggs®. Tout kalite pèsonalite yo egal, epi pa gen pi bon kalite! Pou konnen kalite pèsonalite yo, ou dwe konprann ak apresye diferans ki genyen ant moun yo.

Lè ou deside kisa ki dekri ou nan chak kategori, ou kapab jwenn pwòp kalite pèsonalite ou ki kapab eksprime kòm yon kòd kat (4) lèt. Mete lèt ki anba la a nan chak kategori kote ou te make pi plis la.

Egzanp: **E N T J**

Kalite pèsonalite ou se: _____

Ou kapab ale nan Florida CHOICES Planner nan sitwèb www.flchoices.org pou amonize rezilta ou avèk kalite ou pi pito nan metye yo. Metye ki nan Florida CHOICES Planner kode dapre Endikatè Myers-Briggs. Kòd yo baze sou rezilta ou ta resevwa si ou pran evalyasyon valab la.

Ladrès pou Espas Travay . . . Jwenn Yo! Kenbe Yo!

Gen anpil fason pou vin gen ladrès: lekòl, aktivite sosyal, ak aktivite lwazi, travay, espò, pastan, travay nan kay, ak travay volontè. Ladrès ou vin genyen pandan ane lekòl ou ap vin pote-mitan baz travay ou. Reflechi sou tèt ou kounye a, epi evalye kijan w ap vin gen ladrès sa yo nan lavi ou. Chwazi deskripsyon (Kapab Fè oswa Bezwen Reyisi Ladan) ki pi byen dekri nivo chak ladrès ou.

Ladrès pou Kominike

Bay prezantasyon nan klas

Li manyèl

Ekri aklè epi avèk presizyon

Koute epi reponn ak sa lòt moun di

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Solisyon Pwoblèm

Analize enfòmasyon

Konprann pwoblèm nan

Idantifye pwoblèm nan

Rezoud pwoblèm nan

Aplike solisyon an

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Konnen Fason pou Aprann

Poze kesyon

Li enfòmasyon

Itilize bibliyotèk

Chèche enfòmasyon

Antre nan aktivite ak klib

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Responsablite

Fè devwa lekòl

Satisfè dat limit pwojè

Ale nan klas oswa nan travay alè

Swiv yon kalandriye

Ou nan ekip espò oswa nan klib

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Panse Kreyatif

Aprann kijan lòt moun yo te kreyatif

Itilize imajinasyon ou

Eseye nouvo fason pou fè bagay yo

Analize pwoblèm yo nan yon diferan pwendvi

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Ladrès Moun

Antann ou avèk lòt moun

Rankontre nouvo moun

Travay nan yon ekip

Respekte lide lòt moun

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Ladrès Pèsonèl

Fè chwa ki etik

Motive ak pasyone

Serye ak fyab

Fyète nan aparans

Koutwa ak respektye

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Oto-Jesyon

Pwograme jounen ou

Fikse priyorite ak objektif

Montre ou fleksib

Atitid pozitif pou chanjman

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Ladrès Teknik

Itilize yon klavye

Itilize yon pwogram tretman tèks

Òganize ak analize enfòmasyon avèk tablè elektwonik

Devlope yon prezantasyon nan PowerPoint

Aprann koupe ak kole tèks

Itilize Entènèt pou rechèch ak enfòmasyon

Itilize imèl

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Kapab Fè

Bezwen Reyisi Ladan

Djòb Enteresan nan Syans ak Byoteknik

Si ou kandida pou vin yon syantifik, konsidere posiblite yon karyè avèk siksè nan yon endistri k ap vane. Dapre Biwo Estatistik sou Travay (BLS) nan ane 2010, kantite djòb ki asosye avèk syans pral ogmante nan yon ritm pi rapid pase mwayèn nasyonal la. Yo prevwa syantifik anviwònman yo, idwològ yo, ak jewosyantifik yo pral gen yon kwasans ki pi rapid.

Pou pifò karyè nan syans yo, ou bezwen omwen yon lisans inivèsité, men pi plis ap mande yon Metriz oswa yon Doktora. Anpil nan karyè sa yo ofri salè enteresan ki varye an mwayèn ant \$56,000 ak \$95,000, epi moun ki touche pi gwo salè yo fè san mil dola. Yon bagay ki sèten, si ou enterese nan karyè sa yo, li ta pi bon pou pran anpil kou matematik ak syans.

Men 10 djòb prensipal yo nan syans (selon pwojeksyon kwasans djòb) selon rapò BLS.

Karyè	Deskripsyon	Salè	Previzyon Nouvo Djòb nan Ane 2016
Syantifik Anviwònman	Chèche pwoblèm ki asosye avèk resous natirèl, plant, bèt, ak moun. Itilize rezilta pou sansibilize moun sou polisyon ak sou fason yo kapab evite polisyon.	\$58,380*	21,000
Idwològ	Etidye etandi dlo ak nivo presipitasyon toupatou nan lemonn. Rechèche yo ede lòt syantifik yo, gouvènman yo, ak biznis yo konprann ki polyan ki afekte sous dlo.	\$68,140*	2,000
Jewosyantifik	Etidye aspè fizik latè, tankou atmosfè a.	\$75,800	6,800
Syantifik Medikal	Etidye sante ak maladi moun pou yo ka devlope tretman, epi pou yo ka dekouvri mezi pou prekosyon.	\$64,200*	18,000
Byochimis ak Byofiziyen	Etidye kijan chimi ak fizik afekte òganis vivan yo.	\$79,270*	3,200
Syantifik Atmosfè	Kontwòl konpòtman atmosfè latè pou yo kapab konprann wòl li nan anviwònman an. Travay yo ap vin pi vizib lè yo aprann plis sou rechofman global, ki vin yon enterè pou medya ak politik.	\$78,390*	900
Espesyalis nan Syans Materyo	Etidye konpozisyon sibstans natirèl ak sentetik pou yo kapab amelyore yo, oswa pou yo kapab devlope nouvo. Yo kapab jwenn sibstans sa yo, tankou metal oswa plastik nan atik oswa nan gwo estrikti chak jou yo.	\$76,160*	800
Fizisyen	Etidye pwopriyete ak mouvman matyè. Selon espesyalizasyon yo, sa gen ladan rechèch orijin linivè oswa devlopman nouvo zouti syantifik.	\$96,850*	1,100
Astwonòm	Etidye patikilarite ak konpòtman solèy la, etwal yo, galaksi yo, ak planèt yo.	\$99,020*	100
Syantifik Byolojik	Obsève epi etidye tout fòm lavi, depi nan òganis pou wè nan mikwoskòp pou rive nan moun, pou yo kapab pi byen konprann kijan òganis sa yo devlope ak kominike avèk lantouraj yo.	\$79,270*	1,100

*Enfòmasyon sou salè anyèl medyan selon done BLS pou ane 2010.

Jenerasyon Ekolojik!

Si ou konsène pou anviwònman nou an, polisyon, pestisid, oswa tout fatra nou pwodui...sa ou pou 254 milyon tòn chak ane...ou ka gen valè “ekolojik”. Ou kapab aprann pou vin menm “pi ekolojik” si ou analize posiblite ki vin disponib nan rechèch, jeni, ak konsèvasyon. Anpil djòb ki genyen jodi a se djòb yo re-envante kòm “Djòb Ekolojik.” Metye sa yo se metye ki ede amelyore kalite anviwònman nou an.

Men kèk domèn djòb ekolojik ankourajan:

Enèji Solè ak Enèji Ewolyen:

Èske w ap chèche kèk fason pou ekonomize \$\$\$? Envestisman nan pano solè ak nan lòt pwodui solè ki jwenn enèji nan solèy ta ka repons lan. Van ak solèy la gratis! Ou fè kalkil la! Si ou te toujou gen yon bagay pou pwojè fowòm syantifik, sa kapab chans pou vini avèk ladrès sa yo, epi pou touche pou sa!

Byo-kabiran:

Olye ou depanse \$\$\$ sou konbistib fosil nan lòt peyi, byo-kabiran yo se pwodui ou kapab fè nan peyi ou. Konbistib renouvlab sa yo ranplase petwòl ak chabon ki fèt nan tè a depi anpil milyon ane. Si ou renmen fè eksperyans nan laboratwa, mete volonte ou pou antre nan karyè sa a.

Otomobil Eko-enèjetik:

Lemonn ap vire do ba veyikil k ap voye gaz sal pou itilize enèji renouvlab. Pou pwodui veyikil ki itilize mwens enèji, yo bezwen plizyè kalite travayè. Si ou gen yon enterè nan teknoloji konsepsyon, sa ta ka domèn nan pou ou!

Transpò an Komen:

Kit se tren, avyon, oswa otomobil, gen anpil kalite djòb ki asosye avèk sèvis transpò pou moun oswa pou machandiz. Èske ou se kapab rezoud yon pwoblèm? Lè sa a yon karyè nan transpò, distribisyon, ak lojistik kapab se dènye pyès nan kastèt karyè ou.

Fè Biding yo Pi Eko-enèjetik:

Fason yo bati, izole, chofe, ak ayere yon bilding ak kalite konbistib yo itilize a kontribiye nan konsomasyon enèji ak nan emisyon kabòn bilding lan. Kidonk, fè kay ak bilding yo vin pi eko-enèjetik se yon priyorite pou moun ki panse “ekolojik.” Èske ou se yon atis? Èske ou maton nan matematik, syans, oswa èske ou renmen achitekti? Chemen karyè sa a kapab devlope pou ou yon metye ki pa tankou okenn lòt.

Li pa fasil pou “EKOLOJIK,

Men kalite lavi nou depannde li!

Ou tande yo pale osijè djòb “anplwaye biwo” ak “ouvriye”, men gen nouvo djòb “Anplwaye Ekolojik” yo kreye, oswa èske yo senpleman re-envante djòb ki genyen jodi a? Epi repons lan se ...Wi! Wi! Yon enstatatè tibin enèji ewolyen se yon egzanp yon nouvo djòb ekolojik. Yon menwizye, depi yo konsidere li kòm yon “ouvriye,” kapab vin “ouvriye ekolojik” si li itilize nouvo materyèl ak teknoloji pou fè kay yo ak bilding yo ekolojik.

Èske ou konnen?

Yon **Teknisyen Enèji Ewolyen** fè antretyen nan tibin ki nan pak ewolyen yo. Li ta bon pou teknisyen an gen yon bon fòmasyon pwofesyonèl sou prensip mekanik ak elektrik yo, epitou pou li ta byen konprann yo. Epitou, yon obligasyon – teknisyen ta dwe anfòm! Pran swen tibin ki wo toutbon yo lakòz ou monte anpil eskalye.

Soudè yo trè enpòtan pou manifakti enèji solè.

Operatè yo fè pyès pou tibin ki pwodui enèji ewolyen.

Chofè Kamyon Endistriyèl yo pote materyèl ak konbistib.

Gen plis pase 44,000 **Elektrisyen** ak prèske 69,000 **Menwizye** nan Florida.

Yon Espesyalis Kabiran Byodizèl chèche lòt fason pou fè enèji. Si travay nan yon laboratwa ki teste ak analize echantiyon byo-kabiran sonnen enteresan pou ou, pou kisa ou pa al pran yon diplòm kolèj nan chimie oswa nan jeni mekanik? Sa ta ka fè ou jwenn yon djòb ki peye byen!

Yo ajoute nouvo posiblite pou edikasyon/fòmasyon nan tout nivo lekòl Florida yo. Depi nan akademi lekòl segondè pou rive nan sant pwofesyonèl ak teknik ak nan inivèsite, si ou pran kou ki bon yo sa ap ba ou avantaj nan djòb “ekolojik” monn lan. Kontakte konseye pedagojik ou oswa konseye akademik ou pou wè ki kou ki kapab ede ou pivevan...pa senpleman pou jwenn yon djòb, men tou pou jwenn yon djòb ki ta ka chanje monn lan!

Pa sèlman fè yon chwa ekolojik...Montre ou Ekolojik!

Tcheke lyen sa yo ki anba la a:

Èske ou te janm tande yo pale osijè akimilatè enèji solè? Ale nan Entènèt sou sitwèb www.eco20-20.com pou konnen plis bagay.

Ki vil ki gen gaspiye mwens nan Lamerik? Chèche konnen nan sitwèb www.greenbiz.com.

Pou konnen plis enfòmasyon sou karyè nan enèji, ale nan Entènèt nan sitwèb www.getintoenergyflorida.com.

Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik – Pòt ki Louvri pou Fiti Ou!

Kòmanse li nan Lekòl

Ou vle pran kou pwofesyonèl ak teknik k ap ede ou vin gen ladrès pou yon karyè pidevan? Kisa ou ta di sou analiz diferan domèn pwofesyonèl pou wè kisa ki enterese ou? Edikasyon pwofesyonèl ak teknik se yon chwa popilè nan lekòl jodi a, paske li ofri fòmasyon ki bay anpil ladrès avèk eksperyans pratik pou aprann. Ou kapab avanse ladrès ou depi ou antre nan yon sant teknik, nan yon kolèj kominotè, oswa nan yon inivèsite. Anpil kou pwofesyonèl ak teknik asosye avèk pwogram kolèj nan chemen pou gen karyè. Poze kesyon sou Pwogram Etid ki nan distri lekòl ou.

Anjeneral, lekòl yo ofri kou ochwa nan kèk nan pwogram sa yo:

- Agrikilti ak Resous Alimantè ak Natirèl
- Achitekti ak Konstriksyon
- Boza, Teknoloji A/V ak Kominikasyon
- Jesyon ak Administrasyon Biznis
- Edikasyon ak Fòmasyon
- Enèji
- Finans
- Gouvènman ak Administrasyon Piblik
- Syans Sante
- Ebèjman ak Touris
- Sèvis Imen
- Teknoloji Enfòmasyon
- Dwa, Sekirite Piblik, Koreksyon ak Sekirite
- Manifakti
- Maketing, Lavant, ak Sèvis
- Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik
- Sèvis Transpò, Distribisyon ak Lojistik

Pwogram Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik Ofri:

- Eksperyans travay nan djòb nan estaj, aprantisaj, obsèvasyon pwofesyonèl nan travay, ak edikasyon an kolaborasyon
- Posibilite djòb ki pèmèt ou touche lajan pandan w ap aprann
- Posibilite pou antre nan òganizasyon etidyan ki bay avantaj tankou devlopman kalite dirijan, bousdetid, vwayaj, ak konpetisyon pou resevwa rekonpans ak lajan
- Vrè sitiyasyon travay pou aplike lè w ap aprann

Gwoup Karyè yo

Èske ou panse li twò bonè pou kòmanse anvizaje karyè yo? Reflechi ankò! Karyè ou ka kòmanse anpil ane apati kounye a, epi l ap petèt chanje anpil fwa nan lavi ou. Pandan ou lekòl, li enpòtan pou aprann diferan metye, kijan pou konpare yo, epi amonize yo avèk enterè ak konpetans ou. Pou ede ou kòmanse, nou òganize enfòmasyon sou metye yo selon gwoup karyè yo. Gen ase enfòmasyon pou ou detèmine si ou vle konnen plis bagay sou yon metye espesyal. Ou jwenn yon bagay ki enteresan? Fè yon rechèch apwofondi nan Florida CHOICES Planner, www.flchoices.org.

Resous Agrikòl ak Resous Natirèl

Èske ou renmen travay deyò? Kisa ou di konsènan dekouvri nouvo fason pou grandi manje oswa konsènan dekouvri pi bon fason pou itilize resous natirèl nou yo? Endistri resous agrikòl ak resous natirèl yo se yon bon chwa karyè pou moun ki renmen travay avèk latè ak resous li yo. Men kèk egzanp djòb ki nan gwoup sa a:

*Dontè Bèt *Forestrye *Teknisyen Agrikòl *Peyizajis *Zowolojis

Achitekti ak Konstriksyon

Èske ou kapab konstwi bagay nan lespri ou? Èske ou gen konpetans pou imajine yon pwojè, epi pou fè plan pwojè a? Metye ki nan gwoup sa a ba ou plizyè kalite responsablite. Ou kapab fè nenpòt bagay depi nan fè plan bilding yo pou rive nan vrè konstriksyon yo. Ou kapab kòmanse biznis pa ou, epi ou se bòs tèt ou. Men kèk egzanp:

*Plonbye *Mason brik *Elektrisyen *Enspektè Konstriksyon *Apantè *Achitèk

Boza, Teknoloji A/V ak Kominikasyon

Èske ou te janm reve ou se yon vedèt sinema oswa yon ekriven selèb? Ou ta ka pwochen gwo direktè Hollywood oswa Michelangelo! Si ou gen konpetans pou trè kreyatif ak ekspresif, ka gen anpil posiblite pou anvizaje endistri sa a. Men kèk egzanp djòb ki nan gwoup sa a:

*Mizisyen *Dansè *Teknisyen Radyo-difizyon *Grafis *Fotograf *Konsèvatè

Jesyon ak Administrasyon Biznis

Èske ou jan mande kisa ki nan gwo bilding biznis wo ou wè anba-lavil la? Yo gen anpil manadjè biwo ak sekretè ki fèt tout bagay depi ekri kontra pou rive nan reponn telefòn. Endistri sa a konte anpil sou moun k ap travay an koulis pou toujou fè tout bagay mache san pwoblèm. Men kèk egzanp djòb ki nan gwoup sa a:

*Resepsyonis *Anplwaye Administratif *Sekretè Legal *Kontab *Manadjè Jeneral/Operasyon

Edikasyon ak Fòmasyon

Si ou vle yon djòb ki peye byen, anvizaje ansèyman. Avèk yon karyè nan edikasyon, ou gen posiblite pou detèmine lespri fiti a. Nan Florida, gen yon gwo demann pou edikatè ak fòmateur akòz ogmantasyon popilasyon eta a. Posiblite yo lib pou tout moun, epi ou ka chwazi pou travay avèk timoun oswa adilt. Men kèk egzanp djòb:

*Fòmateur Sante Fizik *Travayè Gadri *Pwofesè Lekòl Segondè *Direktè Lekòl *Konseye

Enèji

Èske ou jan mande kijan yo pwodui ak transmèt enèji pou bay enèji nan kay nou yo, nan biznis nou yo, ak nan lekòl nou yo? W ap wè anpil kalite metye nan pwodiksyon, transmisyon, distribisyon, ak sipò enèji; ak karyè nan lòt kalite enèji ak enèji renouvlab. Karyè ou nan enèji kapab kòmanse avèk yon diplòm lekòl segondè oswa avèk yon GED nan anpil metye enèji ki nan nivo antre. Ou kapab kòmanse karyè ou tou nan enèji apre ou fin resevwa diplòm asosye ou oswa lisans ou. Men kèk egzanp karyè nan enèji:

*Montè Liy *Enstalatè Pano Solè *Elektrisyen *Teknisyen Enstriman ak Kontwòl *Operatè Santral Elektrik *Enjenyè

Finans

Nan domèn sa a, lajan se non jwèt la, epi rekonpans lan kapab gwo. Anpil moun gen lajan pou mete labank oswa pou envesti nan mache aksyon, kidonk posiblite djòb nan domèn sa a ap grandi. Men kèk egzanp:

*Kesye Labank *Anplwaye Pewòl *Analis Finansye *Konseye an Prè *Ekonomis *Aktyè

Gouvènman ak Administrasyon Piblik

Depi nan Prezidan Etazini pou rive nan konseye lejislatif, domèn sa a gen anpil kalite djòb pou chwazi. Ou kapab se yon ofisyèl ki pase nan eleksyon, oswa ou kapab gen pozisyon salarye ki asosye ou avèk gouvènman an. Kidonk, kit se yon gouvènman lokal, gouvènman eta, oswa gouvènman federal, ou sèvi kominote a, eta a, ak peyi kote w ap viv la. Demokrasi nan fòm ideyal li!

*Anplwaye Lisans Maryaj/Chofè *Enspektè Gouvènman *Planifikatè Iben *Lejislatè

Syans Sante

Avèk yon men pou bay swen ak yon zòrèy pou konprann, doktè yo, enfimyè yo, ak dantis yo kapab pi zanmi nou lè nou pa santi nou byen. Monn sa a se yon monn aksyon rapid ak avansman pwofesyonèl. Gen posiblite depi nan travay avèk tibebe pou rive nan granmoun aje ak tout sa ki asosye. Men kèk egzanp:

*Asistan Dantè *Oksilyè Medikal *Enfimyè Diplome *Veterinè *Famasyen *Terapet Fizik

Ebèjman ak Touris

Depi nan travay nan Disney World pou rive nan McDonalds, djòb ki nan domèn sa a pèmèt ou rankontre nouvo moun toutan. Nan Florida, yon gwo pòsyon travay se nan endistri ebèjman ak touris. Gen djòb ki disponib nan sèvis manje, otèl, atraksyon, ak vwayaj. Anpil nan djòb sa yo konsidere travay atan-pasyèl ak fleksibilite. Men kèk egzanp:

*Anplwaye Otèl/Motèl *Gid *Chèf Kwizinye *Manadjè Sèvis Manje *Ajan Vwayaj

Sèvis Imen

Travay nan domèn sa a kapab kreye plas nan biwo, lopital, klinik ak òganizasyon relijye. Ou gen chwa tou pou travay nan yon ajans prive, oswa pou gouvènman eta a oswa gouvènman lokal la anplwaye ou. Orè travay yo ka pa regilye, men rekonpans ou jwenn nan ede moun yo tan an byen. Men kèk egzanp:

*Èd pou Swen Medikal nan Kay *Klèje *Sikològ *Ofisye Libète sou Kondisyon
*Travayè Sosyal

Teknoloji Enfòmasyon

Si ou se kalite moun ki vle dènye inovasyon òdinatè a, oswa si ou vle konnen sèlman kijan òdinatè yo panse ak travay, teknoloji enfòmasyon an se pou ou. Avèk avansman ki fèt nan teknoloji chak jou, li rete enteresan. Depi nan konsepsyon lojisyèl ak jwèt videyo pou rive nan reparasyon òdinatè, domèn sa a ap kontinye grandi. Men kèk egzanp djòb ki nan gwoup sa a:

*Reyalizatè Desen Anime *Reparatè Ekipman *Pwogramatè *Materyèl Enjenyè
Enfòmatis* Konseptè Jwèt Videyo

Dwa, Sekirite Piblik, Koreksyon ak Sekirite

Louvri kabinè avoka ou, oswa travay kòm yon pati gouvènman lokal oswa gouvènman federal. Domèn karyè sa a kapab ofri ou anpil posiblite diferan avèk responsablite enteresan. Ou kapab travay deyò pou etenn dife oswa andedan yon sal odyans tribinal pou defann yon kliyan. Men kèk egzanp djòb ki nan gwoup sa a:

*Travayè Kontwòl Bèt *Grefye Tribinal *Ponpye *Anketè Prive *Avoka

Manifakti

Asanblaj pwodui oswa opere machin se sa ki nan karyè sa a. Ou kapab travay nan yon gwo faktori pou opere yon machin twal, oswa pou enstale sistèm elektwonik nan yon avyon. Alòske kèk djòb pèmèt ou aprann nan fòmasyon pratik, avansman teknoloji nan faktori yo mande travayè ki gen ladrès teknik. Egzanp:

**Reparatè Elektrik/Elektwonik *Operatè *Teknisyen nan Jeni Mekanik *Ajan Acha

Maketing

Kijan ladrès kominikasyon ou ye? Èske ou maton nan fè pwomosyon pwodui ak sèvis? Metye ki nan gwoup sa a ba ou plizyè kalite chwa. Ou kapab fè anpil bagay depi nan dekorasyon avèk flè pou rive nan lavant kay. Men kèk egzanp djòb ki nan gwoup sa a:

*Vandè an Detay *Kreyatè Mòd *Espesyalis Tele-maketing *Ajan Lavant Kay *Chèf Piblisite

Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik

Èske ou ta renmen travay nan yon laboratwa ki gen vaz-a-Bèk k ap bouyonnen ak epwouvèt? Si ou renmen fè pwojè fowòm syans chak ane, domèn karyè sa a ka egzakteman sa ou bezwen. Teyori, ipotèz, ak ladrès matematik, yo tout se pati djòb la. Men kèk egzanp djòb ki nan gwoup sa a:

*Teknisyen Chimik *Enjenyè Sivil *Idwològ *Metewològ *Mikwobyolojis

Sèvis Transpò, Distribisyon ak Lojistik

Èske ou ta renmen mennen moun oswa pwodui ant yon kote ak yon lòt kote sou tè, anlè, oswa nan lanmè? Analize metye sa yo:

**Ajan Sèvis Abò *Reparatè Kawosri Otomobil *Mekanisyen Motosiklèt *Kontwolè Trafik Ayeryen

Konsidere Posiblite A-Maze-ing (Enteresan) yo

Gradyasyon ou nan lekòl se kote ou kòmanse pou reyalize rèv ou yo. Ou petèt pa sèten ki chwa edikasyon ak fòmasyon ki disponib pou ou. Ou ta ka menm santi tankou ou nan yon konfizyon. Chak chemen ki anba la a kapab mennen ou nan gwo karyè. Se ou ki pou analize chwa ou yo pidevan, epi pou decide ki chemen ki bon pou ou.

Aprè tout bagay, tank ou gen plis enfòmasyon kounye a, tank l ap pi fasil pou pran yon desizyon pita.

Aprantisaj: Aprantisaj gen ladan travay avèk travayè ki gen eksperyans pandan w ap pran fòmasyon nan salklas. Answit, ou touche pou sa! Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Entènèt nan sitwèb www.fldoe.org/workforce/apprenticeship/.

Fòmasyon Militè: Fòs Lame bay fòmasyon pou moun nan plizyè metye, plis li bay èd pou kou prive pou kolèj ak inivèsite. Chak moun yo anwole siyen kontra legal pou uit (8) ane obligasyon. www.usmilitary.com.

Sant Pwofesyonèl ak Teknik: Sant Pwofesyonèl ak Teknik yo bay fòmasyon espesyalize avèk eksperyans pratik pou aprann. Pifò pwogram yo egzije mwens pase de (2) ane pou fè ladan yo, epi ou resevwa yon sètifika patisipasyon pou montre ou sètifye pou fè travay espesyalize.

Kolèj: Gen pwogram sou de (2) ane ak kat (4) ane ki disponib. Ou ka chwazi pou resevwa yon diplòm sou de (2) ane nan yon domèn karyè espesifik, epi pou al travay dirèkteman. Oswa, ou ka patisipe nan yon pwogram sou kat (4) ane ladan, oswa ou ka transfere nan yon inivèsite.

Inivèsite: Gen pwogram bakaloreya sou kat (4) ane ki disponib nan kolèj piblik ak prive ak nan inivèsite.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa edikasyon apre lekòl segondè, ale sou Entènèt nan sitwèb www.flchoices.org.

Preparasyon Bidjè se Bagay ki Pi Fasil

Kounye a, ou gen kèk karyè nan tèt ou, an nou gade konbyen lajan ou bezwen pou viv. Pou egzèsis sa a, an nou sipoze ou se yon moun selibatè k ap viv poukont ou nan yon apatman.

Chwazi yon metye epi endike kantite salè a.

Revni Travay la pa Mwa anvan Taks ak Dediksyon

Etap En: Konbyen lajan w ap touche chak mwa?

Ladrès ou nan kalkil itil ou la a. Pran salè anyèl la _____ epi divize li pa 12. Rapid! Kounye a ou konnen konbyen lajan w ap touche nan yon mwa. Endike kantite lajan an pa mwa. _____

Etap De: Gouvènman an pran nan lajan an tankou Sekirite Sosyal ak taks dirèkteman nan salè a pou peye pou avantaj ak sèvis yo. Salè a mwens Sekirite Sosyal ak taks yo pran dirèkteman nan salè a egal kantite lajan ou pote lakay ou. Pou kalkile salè apre dediksyon ou pote lakay OU, ou bezwen retire 23 pousan nan salè ou chak mwa. Miltipliye salè ou pa mwa pa 23 pousan oswa pa 0.23, epi endike kantite lajan taks sekirite sosyal ak taks yo pran dirèkteman nan salè ou. _____

Etap Twa: Soustrè taks Sekirite Sosyal ou ak taks yo pran dirèkteman yo nan salè ou pa mwa pou jwenn salè apre dediksyon ou pote lakay ou. Endike kantite lajan sa a. _____

Preparasyon bidjè a enpòtan pou jwenn yon lide sou kote ou depans lajan ou toutbon ak sou kote ou ta ka anmezi pou ekonomize lajan oswa pou diminye nan depans yo. Planifye yon modèl bidjè anba la a.

Depans Regilye Chak Mwa	Minimòm	Maksimòm	Depans Ou
Lwaye	\$650	\$1200	_____
Sèvis Piblik	\$125	\$325	_____
Manje	\$200	\$400	_____
Rad	\$50	\$150	_____
Peman Vwati	\$250	\$700	_____
Amizman	\$50	\$200	_____
Depans Divè sètadi (Telefòn selilè, entènèt, kolasyon)	\$125	\$550	_____
Asirans (Sante-\$100—Vwati-30% Peman Vwati)			_____

Epay (10% revni pa mwa)

Etap Kat: Ajoute tout depans yo pou jwenn Depans Total ou pa Mwa. _____

Etap Senk: Soustrè Depans Total pa Mwa ou (Etap 4) nan salè ou pote lakay ou (Etap 3) pou jwenn balans ou (Etap 5). _____

Èske w ap fè ase lajan pou siviv chak mwa?

Kisa Etidyan Yo Bezwen Konnen Sou Èd Finansye?

Edikasyon ak fòmasyon apre lekòl segondè ka pa menm nan tèt ou; men, si ou planifye bonè sa kapab ede ou deside konbyen lajan w ap peye pou edikasyon ou apre lekòl segondè. Depatman Edikasyon Florida, Biwo Asistans Finansye pou Etidyan (OSFA) kapab ede ou. OSFA administre pwogram èd finansye eta a finanse, epi li garanti Prè Federal pou Edikasyon Fanmi yo.

Bousdetid ak Sibvansyon Eta Florida

Pwogram selon merit

Bousdetid Florida Bright Futures bay rekonpans pou elèv ki diplome nan lekòl segondè pou siksè akademik yo.

Pwogram selon bezwen

Pi gwo a se Florida Student Assistance Grant (Sibvansyon Asistans pou Etidyan yo nan Florida). Rekonpans yo baze sou revni fanmi elèv yo selon rapò Free Application for Federal Student Aid [Aplikasyon Gratis pou èd Federal pou Etidyan, (FAFSA)] Pwogram Florida pou Eksperyans Travay ede anplwaye etidyan nan metye ki ogmante objektif yo pou karyè.

Pwogram Asistans pou Kou Prive

Sibvansyon William L. Boyd, IV, Florida Resident Access (Aksè pou Sitwayen Florida) ak Sibvansyon Access to Better Learning in Education (Aksè nan pi Bon Aprantisaj nan Edikasyon) ofri sibvansyon pou ede avèk kou prive ak frè nan enstitisyon pòs-segondè prive Florida ki pa fè benefis ak sa ki fè benefis.

Pwogram Prè Federal pou Edikasyon Fanmi (FFELP)

Yon bon edikasyon vo investisman an. Enstitisyon prè yo fè Prè Federal pou Edikasyon pou etidyan ak paran yo, epi OSFA garanti prè sa yo. Analize kalite Prè Federal sa yo pou Edikasyon Fanmi:

Prè Stafford ki Sibvansyone

Pou etidyan ki montre yo gen bezwen finansye.

Prè Stafford ki pa Sibvansyone

Pou etidyan ki pa montre yo gen ase bezwen finansye. Ou kapab itilize prè sa a pou ogmante yon Prè Stafford ki Sibvansyone.

Prè PLUS

Pou paran kalifye yon etidyan depandan ki nan premye oswa dezyèm sik.

Prè Konsolidasyon

Pou moun ki jwenn lajan prete epi ki vle fè tout lajan li prete pou edikasyon vin yon sèl prè ki gen yon sèl peman pa mwa.

Ki lòt enfòmasyon ski genyen sou prè yo? Rele 1-800-366-3475, oswa klike sou www.FloridaStudentFinancialAid.org.

Pou Fè yo Aksepte ou . . . Konpetisyon an Di Anpil!

Chans pou yon espòtif lekòl segondè rive nan nivo pwofesyonèl fèb anpil.

Avèk mwens pase 1% espòtif lekòl segondè ki janm rive nan espò pwofesyonèl, ou bezwen yon plan karyè sèlman sizoka yo pa aksepte ou. Si ou gen chans ase pou rive nan nivo yon atlèt pwofesyonèl, w ap gen yon kantite limite ane pou fè anvan ou rive nan laj, epi chòk ou ka pran ap kòmanse limite konpetitivite ou. Kidonk, reflechi sou yon plan sekou pou pidevan.

Si ou panse ou gen talan ak angajman pou travay di, epi pou fè yo aksepte ou, ou ta dwe swiv rèv ou. Si ou jwenn yon bousdetid espòtif pou jwe nan kolèj, w ap bezwen ale nan menm ritm avèk nòt ou yo. Men, toujou gen plan sekou a nan tèt ou lè w ap planifye matyè prensipal ou. Analize chif sa yo dapre National Collegiate Athletic Association [Asosyasyon Nasyonal Espòtif Kolèj, (NCAA)] pou jwenn yon lide sou chans pou fè yo aksepte ou.

BASKÈTBÒL FI:

Espòtif dènye ane lekòl segondè	129,408
Espòtif dènye ane kolèj ki nan NCAA	3,355
Ki chans ou genyen pou fè yo aksepte ou?	5,000 pou 1
Konbyen yo aksepte?	32
Pou kounye a, gen 10 ekip nan WNBA avèk yon total 110 fi.	

BASKÈTBÒL GASON:

Espòtif dènye ane lekòl segondè	156,096
Espòtif dènye ane kolèj ki nan NCAA	3,682
Ki chans ou genyen pou fè yo aksepte ou?	10,000 pou 3
Konbyen yo aksepte?	44
Pou kounye a, NBA gen 30 ekip avèk yon total 432 jwè.	

FOOTBÒL GASON:

Espòtif dènye ane lekòl segondè	306,221
Espòtif dènye ane kolèj ki nan NCAA	13,612
Ki chans ou genyen pou fè yo aksepte ou?	10,000 pou 8
Konbyen yo aksepte?	250
Pou kounye a, NFL gen 32 ekip avèk yon total 1,696 jwè.	

FOOTBÒL FI:

Espòtif dènye ane lekòl segondè	134,477
Espòtif dènye ane kolèj ki nan NCAA	6,393
Ki chans ou genyen pou fè yo aksepte ou?	200 pou 1
Konbyen yo aksepte?	600
Pou kounye a, Major League Baseball gen 30 ekip avèk yon total 750 jwè.	

Plan sekou ou kapab toujou kenbe ou nan monn espò a. Fè yon ti koutje sou karyè ki anba la yo:

Antrenè Espòtif
Dyetetisyen ak Nitrisyonis Espòtif
Antrenè Espòtif
Pwofesè Edikasyon Fizik
Terapet Fizik
Responsab Maketing Espòtif
Manadjè Espò oswa Klib Espòtif
Abit

Fikse Objektif Ou

Ou fikse objektif pou yon rezon – pou ede ou jwenn sa ou vle a. Si ou fikse objektif sa ap ede ou kontwole sa k ap pase ou kounye a ak pidevan.

Pou yon objektif reyèl li dwe:

- enpòtan pou ou
- nan pouvwa pou fè li rive avèk pwòp aksyon ou
- yon bagay ou gen yon chans rezonab pou reyalize

Sa ki pi enpòtan an, li dwe defini aklè, epitou li dwe gen yon plan aksyon espesifik. Ou kapab fikse objektif pou plizyè bagay diferan nan lavi ou. Li ka se bagay ou renmen fè, sa ou vle reyalize, fason ou vle pase tan ou, ak anpil lòt bagay. Pou kounye a, an nou reflechi sou objektif yo nan twa (3) domèn: objektif pou ale lekòl, objektif pou edikasyon pidevan, ak objektif pou karyè. Endike yon objektif nan chak domèn, epi ajoute sa ou kapab fè jodi a ak pidevan pou reyalize objektif la.

OBJEKTIF POU ALE LEKÒL

Objektif mwen:

Sa mwen kapab fè jodi a:

Sa mwen bezwen fè pidevanpi devan:

OBJEKTIF POU EDIKASYON PIDEVANPI DEVAN

Objektif mwen:

Sa mwen kapab fè jodi a:

Sa mwen bezwen fè pidevan:

OBJEKTIF POU KARYÈ

Objektif mwen:

Sa mwen kapab fè jodi a:

Sa mwen bezwen fè pidevan:

Objektif akoutèm se objektif w ap reyalize nan yon fiti ki pa lwen (pa egzanp, nan yon jou, nan yon semèn, oswa petèt nan kèk mwa).

Objektif alontèm yo se objektif w ap reyalize nan yon peryòd tan pi long (pa egzanp, yon semès, yon ane, senk ane, oswa ven ane)

Pa Baze Fiti Ou Sou Chans!

Pran Kontwòl Fiti Ou!

CHOICES Planner

www.flchoices.org

Tout sa Konsène Ou!

Dekouvri Enterè, Valè, ak Ladrès Ou!

Pwofilè Enterè – Ki kalite bagay ou renmen fè?

Triyè Valè pou Travay - Kisa ki enpòtan pou ou nan yon djòb?

Sondaj sou Ladrès Debaz – Ki ladrès ou genyen kounye a?

Analize Chwa Ou Yo!

Amonize enterè ak bezwen ou avèk sa ki anba la yo:

650+ karyè

8,000+ lekòl pòs-segondè

2,000+ bousdetid

Planifye Fiti Ou!

Kreye yon pòtfolyo avèk zouti sa yo:

Kreyatè Kourikoulòm-Vite

Kreyatè Lèt

Aktivite pou chèche djòb ak pou fè Entèvyou

Disponib kounye a nan lang Panyòl nan sitwèb CHOICES Planner.

Florida Department of Education (Depatman Edikasyon Florida)

Division of Career and Adult Education (Divizyon Edikasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Adilt)

325 W. Gaines Street, Suite 714

Tallahassee, FL 32399-0400

800-342-9271

choices@fldoe.org